Citation: Fallou Ngom (PI), Elhadji Djibril Diagne, Cheikh Mouhamadou S. Diop, Daivi Rodima-Taylor, Martin Aucoin, and other contributors. 2022. "Poem of the Mosque of Touba." http://sites.bu.edu/nehajami/the-four-languages/wolof/wolof-manuscripts/wolofalu-jumaa-ji/.

# Wolofalu Jumaa ji

[Page 1]

Allāhuma ṣalli ʿālā sayyidinā Muḥammadin ṣalātu l-anhāyat lahā kamā l-nihāyata li kamālika waʾadi kamālihī ḥabībika. Alfan fidāʾan mina l-nāri fī Majmaʿa l-Nūrayni Shaykhinā al-Mbàkkī

La Bàmba wax ca Majmaʿa l-Nūrayni

Laay bëgga way ngeen sant fī dārayni

Nee am na waa ju faatu woon ba ñu rob ko

Munakir ak Nakiir dikk fab ko

Jëmm ju neex bànn ne jaas dikkal leen

Munakir ak Nakiir daw ba sori leen

Mu ne ko man maa di Malaakaam Julli

Ci ngën ji yonent tey sa leer ya jolli

Lang daa bari julli ci Khayru l-Khalqi

Moo tax ñu bind ma ma fay say haqqi

Waa joo ameel bor su ñówee ma fay ko

Te loo tawat fi qabru bii ma faj ko

Maa di sa ndimbal file maa lay wéttali

Loo aajoo wax ma ko ma yot la ko file

Jële ko Aljanna maʿa l-Riḍwāni

Li feek ba ruu yay dekki jëm jināni

Keroog nga gis Njool Màkka yeenay and

Tàbbi ca Aljanna ya kër ya dend

Ngir darajay julli jumaa ba noppi

Julli ci Khayru l-Khalqi doora noppi

Shaykh Bàmba ne am na jenn jigéen ju faatuwoon

Ba ñu rob ko fekk mu defoon ku laatu woon

Ba ñu ko robbee Munakir ak Nakiiru

Ceen baat ba ak tànk ya munta niiru

Waaye da daan julli ci ngën ji yonent

Guddi ak bëccëk ay junni moo ko soppoon

Gaa ya xibaar ko Ḥasan al-Bisriyyu

Ba mu tëdde ba guddi gis Nabiyyu

Mu ne ko yóbbu naa ko fī l-jināni

Ngir la mu daan julli ci man day naani

Ma nga ca Ḥūru l-ʿAyni wa l-wildāni

Ci ndigalal Buur Yàlla ak Riḍwāni

Ngir lam ma soppoon ba bariy julli ci man

Moo tax ma teel ko ràmmu julli leen ci man

Shaykh Bàmba ne am na keneen ku ñu doon hisaab

Bàkkaar ya ëpp lool ba raw ahlul kitaab

Fekk mu daa julli ci ngën ji yonent

Guddéeg bëccëk xolam ba mësta sàggan

Malaaka moomee daal di ñów dikkal leen

Ñu daal di daw ba ne meles ba sori leen

Mu daal di peese julli yaak bàkkaar ya

Julli ya wat bàkkaar ya and ak saar ya

Mu daal di koy ràmmu mu wéy jināni

Ngir darajay julli ʿalā l-ʿAdnāni

Shaykh Bàmba ne am na ku rombi qabru

Julli ci yonent sànni yool bay khayru

Lu mat juróom ñaar fukki junni ciw nit

Malaaka yaa ngi leen di mbugal ci ay at

[Page 2]

Yóolub julléem nga ci Rasūlu l-lāhi

Moo ràmmu ñépp dūna Lāhi

Keroog la Jibril ñów ne waa ju julli

Ci ngën ci yonent fa jumaa suy julli

Limab juróom ñaar fukki junni foofa

Ci ay malaaka fay ko yool ya foofa

Malaaka yépp jox ko yooli julli ya

Ca booba bis mu daal di boole yool ya

Bépp bésub Aljuma Yàlla di ko fay

Loo xam ne moo ëpp mbindéef yi ba mu doy

Su dee ci wéeru koor du dem Nīrānā

Lu mu mëna def suy faatu wéy Jinānā

Ngir darajay julli ya ak koor ga

Ak darajay Aljuma and ak koor ga

Ku julli ñaan Yàlla ci Nisfu Shaʿbān

Wàlla Rajab guddi ga Njool Màkka rañaan

Ñu ful sa julli ya limub malaaka ya

Ci asamaaw ak yu ca suuf ak ràkka ya

Ñaari jullit ñuy saafuwante Aljuma

Julli ci yonent Yàlla dootu leen duma

Taxawlu naa fii ngir xibaari julli

Manéesu ko jeexal nde moo ñuy jàlle

Lii la Yàllay faye gaa yay julli

Ci ngën ji yonent fu ñu toog naan ṣalli

Ak ñay tabax jumaa di jullee jàkka

Ngir darajay Khayru l-warā Njool Màkka

Jumaay Tuubaa ba Madina ak Màkka

Jumaay Njaaréem Buqʿatun Mubāraka

Waa ju fa dem ngir Yàlla ak yonnen ba

Lii la ñu ko faye ci barkeb Bàmba

Ma dellu wax la lëf ca sunu maam Cerno

Nga xam ni kenn du moom ci boobe xarnu

Dellu la wax tay ci mbirum jumaa jii

Loo xam ne xew na ci diggam ak Al-Ḥāji

Dellu la wax lëf ci jumaay Tuubaa

Lu mu nirook jumaay Màkka booba

Maam sunu Ibraahiima mooy meetar ba

Moo doon Khalīlu l-Lāhi yor tiitar ba.

Isḥāqa ak Ismāʿīla yaari doom ya

Ñoo fawqa antalparinóor karyeer ba

Jàngal wa idhyarfaʿū Ibrāhīmu

Kon tey nga roy Maam Cerno Ibraahiimu

Maam sunu Ibraahiima Ndaamal Daaru

Moo doon Khalīlu l-Lāhi Cerno waaru

Moo donn ndonoy Maam Sunu Ibraahiima

Ci yoonu Bàmba naani leen ca meew ma

Loolaa taxoon Shaykh Bàmba woo Maam Cerno

Ne ko nga fondamaŋ jumaa ji Cerno

Bàmba moo ko woo ci Njurbel ca ʿāma Damsashi

Ne ko demal Tuubaa te bul fi dellusi

Maam Cerno daal di ñów ci ʿāma Hamsashi

Rëdd ko fondamaŋ ko daaruy masmashi

Keroog la Bàmba woolu Siidi Muxtaar

Ñu bokk ab jataay mu dolli kok waar

[Page 3]

Ba ñu demee mu woolu Shaykh Bàlla Coro

Ak Shaykh Hamdil Mustafaa ñu defaru

Ba ñu demee mu woo Sëriñ Mbàkke Buso

Ak Shaykh Masàmba Mbàkke ñaar ñii duñ bësu

Mu daal di woolu Shaykh Ibraahiima Faali

Shaykh Móodu Ndumbéek Shaykh Bàlla Faali

Ni leen na ñépp fekki Cerno Tuubaa

Keroog guddig gàmmu la ñów nañu boobaa

Shaykh Bàmba sant leen tabax jumaa ji

Kenn baña xiili-xaala roy Al-Ḥāji

Shaykh Ibra Faal mooy jawriñam bis boobaa

Yii yaari Ibraa yor jumaay Tuubaa

Shaykh yi yépp jox Maam Cerno seen hidaaya

Jumaa ja mel ni jooja fī riwāya

Moo tax ba seen doom ya di gas karyeer ya

Yii doom di toj xeer yee di togg reer ya

Yee doom di ñów Tuubaa di yor seen doom ya

Baay Faal ya ak waa Mbàkke am nañ sët ya

Shaykh yépp daal di wàbb fekki Cerno

Jumaay Tuubaa gaa yi daal di borno

Deglul ma wax bés bu sunu Maam Cerno

Xëyee fa Daarul Muʿti moo raw arnu

Sëriñ Momar Jaboo nga jiitew daaru

Sëriñ Mataar Sàmbaay ràkkam moo taaru

Keroog bésëb gaawu la diggiw gàmmu

Nitti fan ak juróom la Bàmbaay ràmmu

Bàmbaa ni ñay ziyaara ak ñay julli

Ak ñay liggéey ku faatu maa lay jàlle

Benn fanab gàmmu di yawm al-jumʿa

La Cerno tambale liggéey qad jamaʿa

Al-Ḥāji Mbàkke Buso rëdd ponk ya

Mu jublu qibla màkk ponki Màkka ya

Al-Ḥāji Faaḍilook Sëriñ Masàmba

Ñoo féete woo karyeer ba ngir Shaykh Bàmba

Gaawub keroog la Shaykh Faḍlu yonni

Ahmadu Njaay Binta ni duñu ko jànni

Mu dem yëgal ko baay ba fi Njaareema

Mu faf ko woo mu ñów mu roof ko mbóot ma

Ba mu nuyoo bam laata wax ñu nodd

Jullig Timis Shaykh Bàmba wéy ni médd

Ba mu dellusee ne ko demal fa Tuubaa

Yaay mujje lépp-lépp fi ak boobaa

Keroog Shaykh Faaḍilu dellusi Tuubaa

Dellu ca kariyeer ba di yonne reer baa

Am nañu fa ay weer mook Sëriñ Masàmbaa

Ñuy roñi doj ci ndigalal Shaykh Bàmba

Keroog guddig gàmmu la sunu Maam Cerno

Tambale roñ doj ya ngir rekk defar nu

Maam Cerno Faati am na Tuubaa fukki weer

Di gasi pax di roñi doj di toji xeer

Ba xiili-xaala ja xewe ca mbir ya

Mu dem xibaar ko Bàmba baay mbër ya

Daam ni ko kon tey wub nga làmbi mbër ya

Yawmal Qiyaam doo seen moroom ca kër ya

[Page 4]

Tey wàcc naa wàccale ñibbil Daaru

Man gedd naa àddina lii ñu waar

Mbir ya ca xew manéesu ko wayaale

Naa way lu tax réew mépp ñów di yaale

Bisub Tabaski bay ngelaw lu rëy la

Maam Cerno naa defar leen lā ḥawla

Ngelaw lu rëy lilee fi jaar ay wax la

Su ngeen ko déggoon xam ni mbir mu rëy la

Ba mu xëyee la tàkk dellu Daaru

Ngir xiili-xaala ja Muriid yay waaru

Ca ʿāma wamsashin Sëriñ bu mag bi

Ñibbisi Tuubaa Shaykh ya sàqi ñag ba

Ñenti fan la Bàmba gedd dunyaa

Ciw Tamxarit Àllarba ngir yu bon ya

Keroog la Shaykh Bàmba fanaansi Tuubaa

Yal nan dëkk ak moom keroog fa Tuubaa

Aamiina, aamiina ne leen aamiinaa

Ci darajay Al-Ḥāji ak Maamuunaa

Keroog la Maam Cerno ne cas jumaa ji

Mu ngi ci loxoy Shaykh Faḍlu mooy Al-Ḥāji

Bàmbaa ko jox dhāhir si ak baaṭin ba

Te dina aj Màkka ziyaara Tayba

Moo di sunuy jihu ci toolab Islaam

Ci Mbàkke ak Mbusóobe fawqanay maam

Ku weddi lii laaj ko Momar Njaay Fetto

Moo ma ko wax seere la musla gantu

Moo tax mu toogloo Cerno Faal fa Tuubaa

Muy jiite waa betoŋ ba ba booba

Bis bu ñi yeenaani betoŋ ba tooy na

Maam Cerno am na kër yu toll noona

Ca Jannatu l-Firdawsi ʿilliyīna

Ngir la mu jëkka jëf te jëkka yéene

Man assa fī l-Islāmi mooy ḥadith ba

Danaa ko way firi ko ngeen xam yool ba

Lépp lu waay tambali fi l-Islāmi

Yàlla di ful yool ya illā l-qiyāmi

Ku jëf ñu fay ko ku jëful ñu fay ko

Luy bëgga waññéeku Boroomam ful ko

Wa fī l-ḥadīthi man assa fi l-Islāmi sunnatan wāhidatan fa lahū ajruhā wa ajru man ʿamila bihā ilā Yawmi l-Qiyāmati wa lā yanquṣu min ujūrihim shayʾan. Wa l-salāmu Ṣahha min Durrat al-Nāṣiḥīn.

Bābun badā li l-Shaykhi Ḥamdi l-Muṣtafā

Raḥīmahu l-Lāhu bi jahī l-Muṣtafā

Su ngeen ma dégloo tey ma dellu wax leen

Yeneen xibaar ci Mustafaa waay déglu leen

La Shaykhi Hamdil Mustafaa al-Mbàkkiyyu

Def cig ayam ngir Mustafaa al-Màkkiyyu

Gànnaaw ba Shaykh Bàmba ñówee ca Wamsashi

Mu def xaliifa ba ca ʿama Nasashi

La doora woo Shaykh yépp-yépp Tuubaa

Ak doomi shaykh ya ngir jumaa ja booba

Shaykh Mustafaa ci weeri koor la woote

Ca Nasashi ñu wuyusi kenn du wuute

[Page 5]

Mu daal di yeesalaat mbiram jumaa ji

Jiital ca Shaykh Masàmba ak Al-Ḥāji

Ne leen na ngeen defoon ca sunu Maam Cerno

Ngeen féddaléeti ag laxasaay te jarnu

Ñu ne ko def nanu la ni Shaykh Bàmba

Ngir yaay xaliifatoom te yor nga yen ba

Shaykh yi yépp-yéppiy xas Murid yay daanu

Ñépp di bis-bisi di jooy ba kaanu

Mu sant leen ne leen na ngeen dem waaji

Ba bis ba may woote liggéey jumaa ji

Fukki fan ak ñaar nak ci weeru Kori wa

Fii yawmi l-jumʿati la woolu fere ya

Bésub keroog palaŋ ba antalparnóor

Njëkke komaan yonne ko Tuubaa ab noor

Shaykh Masuraŋ andi ko and ak Léyti

Jébbal ko Hamdil Mustafaa li l-bayti

Keroog la woo Al-Ḥāji Mbàkke Buso

Ak waa këram ñu mel ni géej guy duusu

Mu ñów rëddaat ko koñ ya jublu qibla

Mu yeesalaat ndigël la woon ca qabla

Al-Ḥāji Faḍīlu ak Sëriñ Bashīru

Ak Masàmba ñoo taxaw di teeru

Shaykh Hamdi sant yewwi leen ñu dellu

Mu dénk leen na ngeen juboo te farlu

Aljuma jay mujj ci weeri Kori wa

La Léyti Njaay dajale mbooleem yéré ya

Ñitt ak juróom benn ci weeru Kori wa

Lañ njëkka gas pax ya di soññ fere ya

Keroog bésab Aljuma la te wóor na

Yal nan ci julle ati-at aamiinaa

Fukk ak juróom ñaar ci diggiw Tabaski

La dellu wootewaat bi ghayri l-shakki

Keroog la Shaykh Hamdi di dénk shaykh ya

Ak doomi shaykh yaak mbokki Mbàkkeek doom ya

Njool Màkka Lislaam moo di toolam bu dul jeex

Ay tooli-tool la boo ca bay sab añ du jeex

Jumaa ji bokk na ci toolu Bàmba

Jawriñ la woon wàcc na ngir yonent ba

Nan jéema futtéeku bayal ko tool bi

Yawma l-qiyāmati ñu bokk yool bi

Maam Cerno ruuj na ba mu set mu faru ba

Dées na ko fay yéenaam keroog fa bar ba

Shaykh Mustafaa al-Mbàkkiyyu daal di baxawu

Shaykh yépp futtéeku di bay tey taxawu

Fukk ak juróom yett la bay ca tool ba

Ciy at te musula yoqi am na yool ba

Fukk ak juróom ñenent yawmal jum ʿa

Diggiw Tabaski wootewaat na jama ʿa

Bisab keroog la Shaykh Ḥamdi l-Muṣṭafā

Tambale ab tabax bi jāyi l-Muṣṭafā

Bisab keroog julli na ñaari ràkkaam

Dellu julléeti ñaari ràkkaati nikaam

Jàng wa idh yarfaʿu Ibrāhīmu

Ba ca mujjug laaya ja ña teew yéemu

[Page 6]

Bisub keroog waa Mbàkke ak Mbusóobe

Ak shaykh ya yépp teew ni tuubi ruubi

Mu jóg taxaw tàllal loxoom ñaan Yàlla

La mu ko ñaan mook baayam ak man jalla

Dugg ci biir pax ma taxaw dellooti ñaan

Jublu ca baay baak turandóom di dagaan

Mbooloo ma mépp jublu penku naan aamiin

Mu dellu wëlbëtiku jublóoti feneen

Ba qibla yépp daj mu ñaanal ñépp

Sirran wa jahran shaykh ya dégg lépp

Bam àggale la wóo Sëriñ Masàmba

Ak Shaykh Bashiirook Léyti Njaay meetar ba

Ak Masuraŋ ñoo duggandoo ca pax ma

Bisub keroog Aljuma laati niʿma

Mu dellu toog ca pax ma ñaan Boroomam

La mu ko ñaan boole ci kuy moroomam

Mbooloo ma daal di dugg fekki Muṣṭafā

Ñépp di barkéelu bi jāhi Muṣṭafā

Shaykh Mustafaa moo laaj turél ba Léyti

Mu jox ko moo njëkka tabax fa bayti

Keroog la tambale tabax jumaa ji

Ba nam fi jógee bakook ràkkam Al-Ḥāji

Bisub keroog bam tambale jumaa ja

Xarbaax yu rëy feeñ na keroog ngir waa ja

Bisub keroog Al-Ḥāji Bàmba Samb

Ma aji woon tey taalibeb Shaykh Bàmba

Daal di nuyook Shaykh Mustafaa al-Mbàkkiyyu

Bawoo ca Màkka ak Mustafaa al-Màkkiyyu

Jox ko fa suusi Màkkata ak Madiina

Ak doj ya ak yeneeni mbóot ngir diina

Ak suusi Jiddaak Arafaak Sam-Sam

Ak Misra ak suufi jumaa ya ñu fa am

Shaykh Mustafaa al-Mbàkkiyyu boole lépp

Sotti ca pax ma daal di suul moog ñépp

Shaykh Masuraŋ moom la Sëriñ ba laaj ndab

Mu duy ko ban jox ko keroog mu nangu ŋëb

ŋëb na keroog ndab la di ñaan ca suuf sa

Lu yàgg-yàgg doora sotti suuf sa

Sëriñ Masàmba ne ko am nga xarbaax

Ca waxi Shaykh Bàmba ja woon léppay baax

Waj ʿal bihī dāriya kal madīna

Barakatan wa Ka ʿbatal masūna

Al-Ḥāji Bàmba Samb doy na seere

Ca la Sëriñ Tuubaa waxoon du méeri

Keroog la tambale tabax jumaa ji

Ba nam fi jóg réeroowul ak Al-Ḥāji

Ku weddi laaj Shaykh Móodu Laamin Dagana

Ngir moo ko taarixoon keroog moom dëggu na

Moo ma ko jox ma sottiwoon Araab ya

Ca mooma at tey laa ko way Wolof ya

Jaaraama Maam Jaara ku am jaaraama

Yaa ko waral sa doom moo rëy karaama

Ku sopp Hamdil Mustafaa al-Khalīfa

Na ni bërët màggal ko nawleem dee fa

[Page 7]

Ndax darajaam ak darajay jumaa ji

Ak darajay doomam ya def Al-Ḥāji

May nuy ngërëm ci darajay Shaykh Bàmba

Yawma l-qiyām ngir Mustafaa yonen ba

Nitt ak juróom ñenenti fan ciw Diggi

Bisub Àllarba ca la wóotey dënke

Keroog la woolu doomi shaykh ya yépp

Di dàgg seen xol ya ñu nooy ni népp

Keroog la tuppi sas ya gaa ya dàll ko

Ku ne di xas kay bëgga booyal ful ko

La dalee junni ba fukki junni

Téeméeri junni gaa ya duñ ko yenni

Ma wax la tuuti ca doomi shaykh ya doon sasoo

Am na ca ñoo xam ne fi Tuubaa lañu sosoo

Ñépp manéesu léen lim ci way wi

Waaye danaa ca wax lu dëggal lay wi

Sëriñ Magéy Jamaa magoon ca gaa ya

Mooy doomi Shaykh Aadama Géy Wilaaya

Shaykh Móodu Saar ak Mbàkke Saar Sëriñ Saar

Daa nañ sasooy junni ba ci ay angaar

Shaykh Mustafaa Faal ak ràkkam ya booba

Daa nañ ko yót téeméeri junni Tuubaa

Shaykh Faḍlu Njaay doomi Sëriñ Asan Njaay

Lum mësa am jox na ko Amdi du ko jaay

Shaykh Faḍlu Njaay doomi Sëriñ Malaamin

Aki ràkkam luñ mësa fekke ñoo ca man

Seriñ Asan Géy doomi Shaykh Mabaaba

Aki ràkkam dañ daa ñaraasuy naabu

Shaykh Móodu Kan doomi Sëriñ Móor Warqa

Junnéeki fas la daan joxeek ay sàq

Shaykh Móodu Jaw mooy doomi Abdulaay Jaw

Sasam wa mësla manke kenn daawu ko jów

Shaykh Mustafaa Mbay Kayre daawul manke

Ay junni lay joxe lu am mu fekke

Shaykh Mbàkke Ndóoy doomi Sëriñ Mamar Ndóoy

Ay junni lay jébale sas wa mësla booy

Shaykh Móodu Ba Silla amul lu muy sasoo

Lum mësa am jébal ko Hamdi bam sosoo

Sëriñ Rijaal Sekk amul lu mu sàkku

Ludul ngërëm lum mësa am jébale ko

Shaykh Móodu Laamin Jenn duñ ko jànni

Lum mësa am yenu ko dañ koy yenni

Shaykh Móodu Xàbbaan daan na indiy junni

Jébal ko Shaykh Hamdi te duñ ko jànni

Shaykh Móodu Bàlla Joor Sëriñ Sa ʿīdu

Daa nañ ko yót ay junni mooy farīdu

Shaykh Móodu Awa Bàlla mook ràkkam ya

Téeméeri junni lañu sasoo ca at ya

Shaykh Móodu Jóob doomi Sëriñ Masàmba

Da daan ñaraasu mësla la yenni yen ba

Maam Bàlla Mbàkke daan na yót Shaykh Hamdi

Ay junni and ak Misra moo doon fardi

Shaykh Faati Tàkko mësla tekkib laxasaay

Sasam wa daawul booy te fu mu toog ni ko kaay

[Page 8]

Shaykh Abdu Jeŋ mum Shaykh Bàlla Faali

Sasam wa mësla bóoy dakoy laafaale

Shaykh Móodu Juuf Shaykh Cerno Juuf ay junni

Lañ daa sasoo di toji xeer di sànni

Luy doomi shaykh lépp te daa ñów Tuubaa

Manéesu leena lim ci Hamdi booba

Waaye ku xam Mustafaa al-Mbàkkiyyu

Xam ni liggéey na fawqanay walliyu

Ndéem ñii ya wuysi sàkka shaykhi Mbàkke

Jaru ñu fee limaale daawuñ manke

Ñu koy bayal ay tooli tool Àllarba

Ñów naa ko yaa di gor sa maa di lar ba

Ñitt ak juróom ñett ak seeni hidaaya

Bokkeewul ak seen sas ya ñoo roy gaa ya

Shaykh Móodu Sow mësla ba Shaykh Hamdi

Lum mësa bay jox ko ko moo doon fardi

Maam Cerno yonne na ko junnib ngurdi

Sikket gëléem gaa ko sëfoon mooy fardi

Shaykh Ahmadu Ndumbe ak Shaykh Bàlla Faali

Shaykh Ibra Faal ñépp la daan laafaale

Moo tax mu ñaan saxaar tabaxlu gaar ba

Gaslu taraawoo ya piketlu aar ba

Bam laata tabax jumaa ja lañ gas raay ba

Dawal saxaar si ba mu agsi Tuubaa

Ngir lu ko moy saakuy simoŋ yi ak weñ ya

Duñu mëna ñów Tuubaa mu togg añ ya

Boobee la daal di fondamaŋ jumaa ja

Daa di tabax ndax darajay sunu waa ji

Ndakaaru ba Luga ak Ndar Jolof Njaay

Ñéppa ko daa dimbale bam def ab raay

Waa Kawlax ak waa Bambug ak waa Pakacar

Shaykh yi yépp daa ziyaare Hamdi di ko jar

Shaykh Góora Séy daa na luyaas saxaar ya

Ca jamanooy Shaykh Hamdi and ak gaa ya

Màggal bisub màggal ya ak jumaa ja

Téeméeri junni lañu daa yót waa ja

Shaykh Hamdi Mbàkke ñi ko daa ziyaare

Manéesu ko lim moo di sibtu Jaara

Shaykh Hamdi Mbàkke la mu dënkoon banki

Manéesu ko lim laaj ko gaa yi Mbàkke

Shaykh Hamdi Mbàkke la mu am ciy miliyoŋ

Manéesu ko xam mbaa nga laaj Shaykh Masuraŋ

Shaykh Mustafaa at yum fi def xaliifa

Def na fi loo xam ne moroomam dee fa

Ci diggam ak Sūdāni wa l-Bīḍāni

Ak bokk yeek waa nguur wi ak naṣrāni

Loolu manéesu ko wayaale lépp

Kon way wi mat ay junni mbaa mu ëpp

Ma wax la la mu tabax ca at ya sooga dem

Nga xam ni moo bari jaloore aki ndam

Bābu l-jamāʿati maʿal majāmiʿi

Li khidmatin ʿalā bināʾil jāmiʿi

[Page 9]

Moo ubbi tey jii wuntu sunu jumaa ji

Ba ñépp tàbbi ca di xool Al-Ḥāji

Tey ma xamal leen lam yoroon ciy buntu

Betoŋ ya man araf ya laa koy bunte

Penkook sóowook càmmooy ba wàllug ndayjóor

Fu nekk am na bunt qibla ya di leer

Lampi ereksite yéppay tàkk

Leer ya gendoo penkook sóowoom ni jàkk

Ma wax la yaatuhaay ba wàllu qibla ga

Nam tollu ciy meetar ca wàllu penku ga

Ne nañu juróom fukk ci ay meetar la

Ci seen palaŋ ba njëkka am lu wóor la

Teg na juróom fukk ci lañ naa santimeet

Yu teg juróomati waroo nay kilomeet

Juróom fukk ak ñett ci seen meetar ya

Ak genn wàll mooy sóowam ba dër ya

Penku ba ëpp na ko ñetti meetar

Ak genn wàll suuf si la am tiitar

La dale sóow ba ca penku léppam

Kem yaatuhaay ba ak gudday bay ëpp

Téeméeri meetar la yu manke ñett

Yu manke fukki santimeet la net

Ca seen palaŋ ba njëkka ba am ca Leyti

Ñu yót ko Shaykh Hamdil Mustafaa li l-bayti

Shaykh Mustafaa moo fondamaŋ jumaa jii

Ba mu weesu xaaj mu dem bàyyi ko ak Al-Ḥāji

Shaykh Mustafaa tabaxlu miir ba ba mu wër

Penkook sóowook qibla ya def na la ca war

Shaykh Mustafaa tabax kenuy jumaa ji

Ya ne fa baayam mu ba kook Al-Ḥāji

Shaykh Mustafaa Mbàkkee tabax sentar ya

Ca jamonoom daa na defar meetar ya

Tabax na bay tambali ay palanteer

Ca wàllu gànnaar ga mu gàddaaye ay xeer

Daal di meŋ daal di gédd dunyaa

Dem fekki baayam dëddu noon yu bon ya

Am na ngërëm fa baay ba ak fa Mustafaa

Ṣalli ʿalayhi rabbunā kamā aṣtafā

Ridwān tijjil na ko mu wéy jinaanaa

Keroog la naan lu daq warga ak naanaa

Jigéenu Ḥūrul ʿAyni ñoo koy teeru

Ci furushin marfūʿatin lay fiiru

Daaru Salaam wallida ʿāma Wasashi

Faatoo fa Tuubaa ci atum Daṣasashi

Aljuma ñetti fan ci aw baraxlu

Yoor-yoor bu teel la Mustafaa potoxlu

Fukk ak juróom ñettay mbiram xaliifam

Ciy at mu fekki Shaykh Bàmba ne fa kam

Aljuma kat la feeñe woon ci dunyaa

Ciw Tamxarit la woon ca ñetti fan ya

Ne leen sunuy nopp te jox ko ñaan ya

Am na juróom benn fukkam ci dunyaa

Dunyaa su doon kërug saxoo diyaali

Khayru l-Warā waa Màkka dun ko jaale

[Page 10]

Waaye lu yóbbu Aḥmad al-Màkkiyyu

Dellusi yobbu Aḥmad al-Mbàkkiyyu

Du bàyyi kenn-kenn des ci dunyaa

Yal na nu Yàlla féewale ak yu bon ya

Deglul ma wax la la mu dënkoon Tuubaa

Bam laata ñibbi fekki baayam Tuubaa

Deglul Hamdi Mustafaay dënkaane

Keroog ba muy bëgga nelaw mooy waane

Ahmadu Dem ma nekk Tuubaay qaṣidaa

Déyam bi laay sotte ba way ko qaṣidaa

Bisub keroog la woolu mbooleem waa Tuubaa

Ak waa këram ak shaykh ya teewe booba

Keroog Sëriñ Mbay Jaxate koy nettali

Bam nelawee bam yàgg moo ko duggali

Gërëm na taalube yi yépp sant leen

Bisab keroog ni déglu leen ma dënk leen

Daal di ne leen keroog na ngeen góor-góorlu

Xeebu ma seen yitte te yeen laa wóolu

Waaye dama bëgg ba tey ngeen xam ne

Lu baax du doy mukk fa Yàlla fam ne

Ndax jëf ju baax bis boo talee ba tollu

Ci sukuraat sa jëf ya dañ lay kullu

Dikk taxaw soppeeku def say soppe

Ya nga gënoona bëgg ñépp sàppe

La nga gënoon bëgg lépp wër la

Ci wépp wet ruu ga du xool ludul loola

Bisub keroog doo yég mettiti sukuraat

Buur Yàlla day jox sa malaaka ay garaat

Mu ñów tàkkal la ko te and ak Ḥūru

Ridwān ubbil lay buntu gaa yay teeru

Bu ruu ga dee rot daal di dem jinānā

Ca péeyi ʿiliyyīna ak Riḍwānā

Boo fa jóge buñ lay duggal ci bàmmeel

Wéetaay wa doo ko yég sa jëf ya lay móol

Buur Yàlla soppiy gay sa jëf yu baax ya

Ñu di la wéttali ni gaa yu baax ya

Munakir ak Nakiir yaatal qabru ba

Ba mu ni ŋàpp ba ca penkook sóowu ba

Yenenti qibla yépp ëpp dunyaa

Ak li nga bëggoon lépp and ak ñam ya

Dellooti fab sa jëf ju baax ja nga jëfoon

Leeral qabru ba moo raw lampub isin

Nga sax ci wii melo ba ruu yay dekki

Nga dekki wéy siraat sa jëf yay jékki

Boo fa bawoo ba dem fu ñuy jégee siraat

Ñu fab sa jëf ju baax tëral ko ca siraat

Nga aw ca kaw di wéy ba dem Yawm al-Qiyām

Nit ak jinne ak malaaka ñépp ne fa kam

Boobale bis moo di fa ñuy négaate

Sa jëfa lay wéttali nañ ëppaate

Ku fa tawat yàggaay ba ak tangoor wa

Ngir jant bañ rësal mu andi guur wa

Sa jëf la ñuy fab defi taax mu yiir la

Dox sa digg ak jant ba Yàlla muur la

[Page 11]

Ñu dellu fab sa jëf ya def cay toogu

Nga di ca toog di toogandook say fonko

Ba bis ba ñuy ràmmu nga dem jinānā

Ci ndigalal Buur Yàlla ak ʿAdnānā

Nii la ñu léen di def illā l-jināni

Ku jëful woon lu baax di wéy nīrāni

Aʿādhana l-Lāhu min al-nīrāni

Yàlla na nu bokk tabbi fī l-jināni

Ci darajay ka tax nu dëkk Tuubaa

Tuubaa lahum ḥusnul maʾā bi booba

Kon nak nee naa leen jaa ngeen jëf

Santeef na leen na ngeen di yokk seen jëf

Jëf rekk a tàkku loo jëful duñ la ko fay

Te kenn du notti loo nottul mooy ful di fay

Ngir Yàlla kat kenn ku ne dana ñu wéet

Mu laaj ko ay jëfam mu wax ko ba ni muut

Keroog dafay defe ni bindul kenn

Ba dootu tal kenn kudul moom kenn

Bisub keroog doo tal kudul sa bopp

Yàlla na nu boole ràmmu moom nun ñépp

Aamiina aamiina bi jāhi l-Muṣtafā

Ṣalla ʿalayhi rabbunā kamā aṣṭafā

Yal na nu am ngërëm lu and ak wér

Ci darajaam fun tollu sax ci la nu war

Ak jëf yu sell ca gànnaaw Shaykh Hamdi

Ak fan wu gudd ba nu naa bi l-ḥamdi

Nook bépp taalube bu gis jumaa jii

Mook sunu xaliifa bi ñu naa Al-Ḥāji

Te Yal na àggale mbébét ci Tuubaa

Ci darajay baayam ba ak yonent ba

Ṣallā wa sallama ʿalayhi l-Lāhu

Bi l-āli wa ṣaḥbi wa man wa lāhu

Ma wax la dëkk yi fi daa ay-ayloo

Ca jamanooy Shaykh Hamdi moo leen doyloo

Ba mu demee Al-Ḥāji wuutuy woote

Ñépp di ñów Tuubaa te kenn du wuute

Benn bennab gàmmu la jëkka woote

Keroog di Aljuma ni kenn du wuute

Dëkk ya yépp wuysi Hamdi Tuubaa

Mu sant leen ay ya ñu nangu booba

Mu ne bisub Aljuma gaa yi Tuubaa

Ñoo aaye liggéeyub jumaa ja booba

Shaykh Móodu Sow Ba daa na moome Gaawu

Tindoodi moome ca Dibéer jay saawu

Ayak bisub Altine kër Bàlla Bajaan

Waa kër Makumba Kebe topp cay rañaan

Talaata lañ daa aye jébal Kayre

Bisub Àllarba Mustafaa Mbay Kayre

Waa Maayi Landaŋ ñépp ñów ni landaŋ

Yendoo liggéey ca Alximis ja defi raŋ

Aljuma waa Gedee ko moom ni Tuubaa

Mbusóobe kenn du des ca kër ya booba

Gaawo ba Kelléel aye gor yaak ngàllo

Kenn du fa des góor ñaak jigéen di farlu

Waa Campu Jóob aye bisab Dibéer ja

Kenn du fa des ñéppay ziyaare waa ja

[Page 12]

Saam aye and ak góoru Daaru Rahmaan

Ñu ñów bisub Altine kenn du yalwaan

Bisub Talaata mooy ayag Maam Bàlla

Waa Misra kenn daawu fa des ngir Yàlla

Bisub Àllarba mooy ayug waa Ndaam Loo

Daa nañ ziyaare Soxna Aminata Loo

Mbàkke ak Bawol ca Alximis lañ daa ñów

Seen léppay doy yendoo liggéey te duñu jëw

Aljuma waa Kayéel di ñów Madiina

And ak Sëriñ Mbàkke mu am Madiina

Gaawu ba waa Daaru Salaam naa ko salaam

Alaykum yaa Mustafaa doora malaam

Dibéer ja waa Daaru Na ʿīm ñooy moome

Dëkkam ba and ak doom ja ñépp riime

Altine moo fi doon ayak waa Ngaabu

Kenn mësta manke Hamdi Mbàkke mooy baabu

Moo ubbi wuntu Yàlla ak jumaa ji

Ba réew mi ñów ba ci ayak Al-Ḥāji

Waa Xuru Mbàkke ay na Shaykh Moor Taala Faal

Bisub Talaata moo ko daan aaye di haal

Bis bu ñówaa ay nag ak ak gëléem guy bëmp

Lay indiwaale jox ko doomi Bàmba

Bisub Àllarba ja Sëriñ Mbay Jaxate

Rahīmahu Lāhu te bun toroxati

Waa Kanka Alximis ja nee leen Muussa

Na ñépp ñów liggéeyi Tuubaa siisa

Waa Cenc Aljuma ja dem leen Tuubaa

Liggéeyi Shaykh Hamdi mu ngi woote booba

Gaawu ba yow wool ma góoru Ngéeraan

Ñu dikk Tuubaa ak Mbàkke kenn du xaaraan

Waa Xulle ak waa Nduloo dem leen Tuubaa

Bisub Dibéer ja yeen na moome booba

Sëriñ Asan Géy daa na woo waa Gélawul

Altine ñépp dem ca ay ga di ko wal

Shaykh Abdulaay Jaane bisub Talaata

Moo dig ayam kenn mësu koo talaata

Njaaréem ga tudd Buqaʿatun Mubāraka

Àllarba lañ daa aye laajal Njàmme Ka

Bombaali Àlximis mooy seenub ay

Xéwar bisub Aljuma lii du aw ay

Shaykh Móodu Xàbbaan daan na gaawa àggsi

Tuubaa bisub Gaawo di dem di delsi

Weera ngi nii woo xam ni ñooy ñów Tuubaa

Kenn musu ca manke liggéey ba ba booba

Ci jamanooy Shaykh Hamdi ngir Shaykh Bàmba

Yal na nu am ngërëm ca moom ak baay ba

Te Yàlla nan am fan wu gudda-gudd

Noog sunu xaliifa bi ko wuutu te tedd

Aamiina aamina bi jāhi l-Muṣtafā

Ṣalla ʿālayhi rabbunā kamā aṣṭafā

Bābu l-faḍāʾili ngënéeli Tuubaa

Li Shaykhi Faḍlu l-Lāhi tey ak booba

Fataḥtu bāb al-Ḥāji Faḍlu l-Lāhi

Li yadkhula l-Murīdu fī l-illāhi

[Page 13]

Tey wubbi naa wunti Boroom jumaa ji

Muriid yi tàbbi leen nuyook Al-Ḥāji

Kenn dootu leen naj na ngeen ziyaara

Boroom jumaa ji mooy sëtub Maam Jaara

Tey jii ma dellu ci mbirum Al-Ḥāji

Xaliifatu thānī Boroom jumaa ji

Ngeen xam litax mu féetéwoo jumaa ji

Fii dhāhirin wa bāṭini ngir waa ji

Keroog ba muy bëgga tabax fa Njurbel

La tàggu baayam mbër ma dal koy karbal

Yā ayyuhā l-shayhu l-nafīsu l-murtajā

Yā fātihan mā qablu kāna murtajā

Biʿtu bunuwwatiyya bi l-irāda

Lakum likay uḥḏa bi kharqi ʿāda

Min baʿdi māshtaraytumū hāminnī

Ihdaytuhā lakum bi ghayri manni

Fal taqbalūhā yā malādhu karamā

Li aziltumu bayra l-barāyā ʿalamā

Bi jāhi makhdūmikumu l-mufaḍili

Khayri l-awākhiri maʿan wa l-awwali

Ṣallā ʿalayhi rabbunā wa sallamā

Wa ālihī wa ṣaḥbihī wa karramā

Loolu la Al-Ḥāji waxoon Shaykh Bàmba

Qaṣida gaa ngi nii di mag ak dey ba

Jàngal falā taʿlamu nafsun laaya ja

La ko Sëriñ ba tontu am na makhraja

Doo boot soof doo yenu soof su booba

Tabax ga genn la te mang fa Tuubaa

Shaykh Bàmba daal di ne ko dikkal Tuubaa

Ngir yaay samaw jihu demal fa tool baa

Keroog la Shaykh Faḍilu genn Njaaréem

Jébbal këram ga baayam shaykh ya di ko yéem

Keroog la Shaykh Bàmba fablu néeg ya

Tojlu tabax ba gorlu far garab ya

Keroog la ñów Tuubaa ba baayam ci bis

Ciw Tamxarit ñenti fan ca Wamsashin

Mbir ya ménéesu koo xibaar ci way wi

Ngir bopp àttanu ko moo déf ay wi

Keroog la toppi Shaykh Hamdil Mustafaa

Nam toppe woon baayam bi jāhi l-Mustafaa

Ṣalla ʿalayhi l-Lāhu bi l-salāmi

Wa ālihī wa ṣaḥbihi l-aʿlāmi

Musula juuyook moom te duñ worante

Te lum ko wax mu def dun werante

Day dem ba Tayif daal di góoblu tool ya

Sàmpalu sàq ya di togg bool ya

Ràkk da daa sës rëkk-rëkk ci magam

Ba kenn du xaj seen diggante ngir ngërëm

Mag it ni kàpp yaatu yaatal ràkkam

Bis bu demee mu wuutu ko foofa am ndam

Lii tax ba Shaykh Faḍlu matab xaliifa

Dambe na seen yaari gërëm ba foofa

Baayam gërëm na ko magam gërëm ko

Mu saf Boroom Gaawaan najaayam raw ko

[Page 14]

Moo tax mu tambali mbirum jumaa ji

Moo mat ba motti baarakal Al-Ḥāji

Ma waxaat la at mam tambalee ak bis baa

Di woo ñi Hamdi Mbàkke daan woo Tuubaa

Jaru ñu fii limaat dañoo faf yokku

Ba ñu dikkee ñépp dañoo faf jokku

Ba mu ñówee nuyoo di sàkku ku mu naab

La masjidun ussisa mooy sama jawaab

Shaykh Móodi Jóob doomi Sëriñ Masàmba

Moo njékka jébbalu keroog ngir Bàmba

Luy doomi shaykh ñépp di ñów di jébbalu

Shaykh bu ñówul say dongo faf ñów jébbalu

Ñu xam ne mooy xaliifatul Xadiimi

Moo di xaliifay Mustafaa may doomi

Aʿūzu bi l-Lāhi mina l-shaytāni

Man Njàmme maa fiy muslu ciy seetaani

Nan laaji ay hadiya yót Al-Ḥāji

Shaykh Faḍlu Mbàkke kilifag jumaa ji

Ñitt ak juróom ñett ak solooy Àllarba

Moo ko yayoo dee leen ko yóbbu Tuubaa

Shaykh Faḏlu jëwriñ la ci toolu Bàmba

Na mu doonewoon jëwriñ ca tool yonnen ba

Ku xeeb sa jëwriñ ba demoo ca tool ya

Su añ ya sottee da nga wuute bool ya

Ku naw sa jëwriñ tax nga dem ca tool ya

Su añ ya téewee da ngay wéete bool ya

Jëwriñ la mooy tibbaate ndab ya danale

Dunyā wa ukhran xarnu bii moo darale

Ku ñów mu tibbal la ku dikkul fande

Moo boole Tuubaak Aliyaaki Ndindi

Jumaa ji mooy toolub Rasūlu l-Lāhi

Ku ca liggéeyul doo fi añ bi l-Lāhi

Diine ji mooy diiney Rasūlu l-Lāhi

Julle ci jàkkaay ndigëlam li l-Lāhi

Moo tax ba Bàmba musta wuute jàkka

Musul di maamoom doom ja aj na Màkka

Razaqtanī l-ḥajja ilāhī ṭayyā

Wa l-zawra wa l-jiwāra fīka ḥayyā

Bàmbaa ko wax fum tollu mook Rasūlu

Daawu ñu tàggoo mooy Boroom wuṣūlu

Moo tax ba sët yi yépp aj nañ Màkka

Dongoom ya aj nañ Màkka Màkkaay Mbàkke

Su ngeen ma degloo tay ma wax Al-Ḥāji

Bis ba mu tambalee tabax jumaa ji

Ginnaaw bu mag ja Mustafaa al-Mbàkkiyyu

Wàccee ba fekki Mustafaa al-Màkkiyyu

Al-Ḥāji Faḍīlu atam Ḥaṣasashi

La jëkka woo shaykh ya fa Tuubaa disashi

Ci ñitti fan ak benn muy talaata

Ci weeru Tamxarit du maasam ngaata

Sëriñ Bashiiru Mbàkke ràkkam ja

Ni rëkk-rëkk sës ci moom mat waa ja

Moo jëkka ñów mook doomi baayam yépp

Ak bokki Mbàkke yépp and ak ñépp

[Page 15]

Shaykh Mustafaa Faal jiite doomi shaykh ya

Ñu wuysi Al-Ḥāji keroog la yuuxu yi

Luy doomi shaykh ya wuysiwoon Shaykh Mustafaa

Kenn wuutewul bisub keroog du fii du faa

Keroog la yeesalaat mbirum jumaa ja

Féddale taalube ya gëm sunu waa ja

Taalube yépp di laxas bisub keroog

Dellu sasoowaat yokk sas ya ma nga toog

Ñu naan ko yaay Shaykh Bàmba yaay Shaykh Hamdi

Yaay qutbu yaay Ghawthu l-zamāni l-fardi

Loo wax nu def loola junni ak miliyoŋ

Sab xarnu naat na tax na ñépp yori boŋ

Al-Ḥāji Shaykh Muhammadul Maamuunu

Moo jëkka indi miliyoŋ du noonu

Shaykh Mustafaa Faal daal di indi miliyoŋ

Shaykh Móodu Jóob Masàmba it junni yu roŋ

Boobe ba tey seen sas yu rëy yi booyul

Ñook doomi shaykh yi yépp te tool ya gooyul

Fukki fan ak juróom ci weeru Gàmmu

La sooga wootehaat fa Tuubaay sàmmu

Keroog bisub Gaawu la dun ko fàtte

Bisub keroog lañ gasi pax di sotti

Gaawo keroog la daal di gontu jëm Ndar

Ngir mbiri antalparinóor naa dar-dar

Bisub keroog yótaale naa ko aw nag

Mu may ko Shaykh Abiibu Jeŋ ak ñay mag

Ba mu ñówee la daal di yable karyeer

Shaykh yépp daal di dem ba am fa ay weer

Shaykh Mustafaa Faal daa na gas fa karyeer

Angaari doj wotoom ya roñ ko ay weer

Def na fa kër gu yaa ñu bënn faab teen

Ci jamonoy Shaykh Faḍlu ñii ñoo wara téen

Ba mu demee ràkkam ja mat xaliifa

Sëriñ Momar Taalaa ko wuutu foofa

La mu defal Al-Ḥāji Faḍlu l-Lāhi

Munéesu koo bind aka lim bi l-Lāhi

Ba mu demee ràkkam ja dellu wuutu

Mat ab xaliifa sëkk gaa ya bootu

Shaykh Abdulaay Faal Yal na yàgg faale

Al-Ḥāji Faḍlu l-Lāhi gaa yay yaale

Yàlla na yàgga woote yoonu karyeer

Ak màggal ak Tuubaa di togg ay reer

Sëriñ Asan Faal ak Sëriñ Aliiw Faal

Yal na ñu fi bokk yàgg ñooy góori rijaal

Shaykh Móodu Juuf Shaykh Cerno Juuf karyeer ba

Mësuñu koo manke te and ak reer ba

Shaykh Móodu Awa Bàlla ak waa Daaru

Duñ manke karyeer mukk ñéppay waaru

Ma lim ñu Shaykh Faḍlu daa woo Tuubaa

Bam tambale liggéey jumaa ji booba

Te mësuñoo liggéey jumaay Tuubaa

Booleek ña Shaykh Hamdi amoon ca booba

Daarul Mannaan daa nañu wuysi Gaawo

Ci jamanooy Shaykh Fāḍlu ñéppay saawo

[Page 16]

Madiina Ture ñów bisub Dibéer ja

Di toji xeer di yenu suuf ngir waa ja

Gaa yi Bulél Móodi ki Daaru Rahmaan

Altine lañu daan aye Tuubaa saawaan

Daarul Kariimi ñow bisub Talaata

Yendoo liggéey ba ngoon Sëriñ bay baata

Waa Ndokk ñow Àllarba ak waa Njalaxaar

Amaana bis bu ñu daan dajeek Mbàkke-Payaar

Waa Ndénd ñów Alxamis fa Tuubaa

Ñépp di kër-këri liggéey niy koobaa

Waa Ndindi ñów Aljuma and ak fël ya

Ñaa yenu bool ya ñaa di dàq nag ya

Muriidi Tuubaa Faal di moome Gaawo

Di toji xeer di wër jumaa jay saawo

Daarul Ghafuur Dibéer ja mooy seenub ay

Shaykh Móodu Anta Faali nag la daan ray

Zam-zam bisub Altine lañ daa moome

Gaa yi Lëngul Talaata lañu daa riime

Koobeek Ndumbel Séy di ñëw Àllarba

Kenn du fa des muy gor sa sàkkaa lar ba

Li dale Njóobe ba ca Kër Maxari Njaay

Ca Alximis lañ aye kenn daawu fa jaay

Waa Mbul-Kayéel Gaawo lañu daan moome

Waa Saati moom Dibéer ja daawu ñu luuma

Shaykh Yaaba Jóob Ndéy Yaaba and ak dag ya

Ci jamanooy Shaykh Hamdi jiital nag ya

Waa Daysangook waa Ndokk moome Altine

Bisub liggéey ca doj ya kenn du leen tane

Cekkéen ba Tayba daal di ñow Talaata

Shaykh Móodu Faal Xonn du leen talaata

Waa Bobi ñów Àllarba wàcc Tuubaa

Shaykh Móodu Bàlla Joor di soññ booba

Ñu daje fa ak waa Ndillikéek waa Caawéen

Ak Boofel ak Yaañ ba ca gaa yi Yaawéen

Mbàmban ak waa Tawa ak waa Guuwaan

Bisub Talaata lañu daan ñów saawaan

Yii dëkk Shaykh Fāḍilu moo leen woolu

Gànnaaw ayag Shaykh Hamdi moom lañu woolu

Am na yeneen dëkk yu rëy yuy dikk

Ak seeni mbooloo aki shaykh yuy dëkk

Shaykh Abdu Rahmaan doomi Shaykh Bàlla Coro

Musu la manki ku ko jëw da nga loru

Angaaru suuf yi yépp moo ko daa roñ

And aki taalibéem ñu dëkke doñ-doñ

Moo tax mu denc doomi Shaykhi Faḍlu

Yal na ñu bokk am ngërëm tey baylu

Yal na nu Yàlla taas ci seeni barke

Ci darajay Shaykh Bàmba ak waa Mbàkke

Lii maa ngi ko sotte ci mbindam Shaykh Cerno Faal

Moo ko wesar ma woy ko Bàmba moo bari haal

Shaykh Cerno Faal and ak Shaykh Aale Sàmb

Maam Cerno moo leen fi defal Shaykh Bàmba

Shaykh Mustafaa dem na atam Daṣasashi

Xam naa su doon ñangóor ma ngay dasasashi

[Page 17]

Shaykh Faḍlu tambali atam Ḥaṣasashi

Yal nan fi bokk yàgg muy woo tey sas

Shaykh Faḍlu moo tabax qubbay jumaa ji

Gànnaaw bu Shaykh Hamdi demee mooy waa ja

La Bàmba wax bi faḍlika ʿahtalāja

Moo tax mu féetéwoo kawuk jumaa ja

Mina l-nabbīʾīna wa ṣadīqīna

Moo def Abaabakar xaliifa nee na

Waaye kudul dégg du xam yii maanaa

Jarul mu gëm ku tambale nar moy na

Ma dellu wax leen ci guddaayub qubba ba

Da ngeen yuqóolóoti ba déglu quṭba ba

Yaqūlu Mūsā ndaama day yuqóolu

Ndéem bëgg naa jot ca lu mbër yay njoolu

Ndaxte su nekkee ak waa ju am maqaama

Mu far ko toñ yéegal ko cig dajjaama

Waa ju amul war nay nàngoo dagaani

Ci kudul jéele mbaa mu dem yalwaani

Kudul mbër it wara far ak làngam ga

Kudul rëbb it war ko yoral lonkam ga

Ku munta yéeg it mëna bës ku daanu

Sàkka ku yéeg ba wàcc musuta daanu

Lii moom waxoon na ko bu yàgga-yàgg

Di ñaan ci waa këram lu tax nu àgg

Qubba bu mag ñenent fan di Altine

Ci Ràkki Gàmmo lañ ko tambale sone

Qubba ba luy guddaay ba ak tampam ba

Nekk ca kaw di seere Shaykh Bàmba

Fanwéeri meetar la yu mat ni sëkk

Malaaka yaa ngi ca kaw bu leen ko sikk

Dhahīr sa ak bāṭin ba leer ya jolli

Li l- ʿArshi wa l-Kursiyyi waxtu julli

Qubba ba mat ci Ràkkaati Gàmmo

Bisub Talaata waa ja ñów di ràmmu

Di fukki fan ca weer wa ak juróom ñaar

Ñu naa ko soo doon xare nooy say jambaar

Keroog la gaa ya daal di teg betoŋ ba

Meetar masoŋ yi yépp di sant Bàmba

Bisub keroog Al-Ḥāji rey na ay nag

Woo Cerno Faal mu jox ko gaa ya fay mag

Saŋ kilo yaak mbàjj ya ànd ak peñ ya

Léppi jalaañoo wër jumaa ja ak koñ ya

Al-Ḥāji Fāḍiloo tabax sooroor ya

Gudday ba jëm kaw asamaawu ak leer ya

Ñent fukki meetar yu teg juróom ñaar

Ña ngay joxoñ Yàlla te naa ko doo ñaar kenn nga

Sóoróor bu jëkkam ba bisub Àllarba

Benn fanub Tabaski lañ gas dër ba

Al-Ḥāji Fāḍilook Shaykh Abdul Qādir

Ñoo teew keroog léemu ko gaa ya xëy dër

Sóoróor ba jekk mat te feete ndejoor

Ñu di ca nodde mat na waxtuw yoor-yoor

Ràkkaati Gàmmo ci atam Ṭaṣasashi

Lañ wóote Tuubaa shaykh ya dellu fa tase

[Page 18]

Altine jay fanwéeri fan ca weer wa

Te muy bisub Njool Màkka jantab weer ya

Bisub keroog la gaa ya teg tampam ba

Ca kaw ga muy melax di seere Bàmba

Malaaka yaa nga toog ci kaw di sàbbaal

Te mësu ñoo moy Yàlla Yàlla na nu baal

Bal hum ʿibādun mukramūna sarmadā

Wa l-kullu minhum laysa yaʿṣī al-Ṣamadā

Seen leer ya jolli ba ca Bayt al-Maʿmūr

Jëm ʿArash ak Kursī gaa ya gënn foor

Fekk na Shaykh Fāḍilu dem Ndakaaru

Ngir toppotoo solooy jumaa ji waaru

Shaykh Móodu Jóob Faal daal di wéy Ndakaaru

Xibaar ko lépp mbër ma faf bandaaru

Ba mu ñówe am na fa lun waxtaane

Ngir li mu wuute lam fa doon santaane

Keroog la fab wotam ba jox Shaykh Bàmba

Hadiyyatan ngir la mu wuute bis ba

Ñenent fan la ci Jumāda ākhari

Te muy bisub Aljuma Al-Ḩāji moo gore

Keroog la naa dootuma dem bay wuute

Dara ci Tuubaa lu mu tuuti-tuuti

Shaykh Mustafaa Faal la ko jox mu yor ko

Ba mu demee Shaykh Abdu Mbàkke war ko

Bisub keroog la woote daal di jaaju

Muriid bu ñów Tuubaa mu faj sa aajo

Daal di tabax sóoróor ba féete Gànnaar

Ñen fukki meetar la yu teg juróom ñaar

Altine jay ñitti fan ak juróom ñaar

Ci weeru koor ca ʿAsashin lañ ma xibaar

La gaa ya tambale tabax sóoróor ba

Ba muy juróomi wéer ñu teg tampam ba

Ciw Tamxarit ca Aʿsashi dib gaawo

La mat juróom benni fanam ñu saawo

Ma dellu wax la limub kenuy jumaa ja

Nam tollu ak yam def gànnaaw magam ja

Kenu ya sàmpe nekk ci biir jumaa ja

Ci jamanooy Shaykh Hamdi Mbàkke waa ja

Téeméer la yu teg juróom benni kenu

Kenu lu nekkay tudd Yàlla te yenu

Illā yusabbiḥu bi ḥamdihī la wax

Ṣalātahu tasbīḥahū la dellu wax

Kenu ya wër ca biti koñ ya te yenu

Mat nañu ñen fukk ak juróom yetti kenu

Mbooléem kenuy jumaa ji léppay téeméer

Bu teg juróom fukk ak yenent lii ka wóor

Shaykh Mustafaa moo leen tabax ci jamanoom

Jazāhu rabbu l- ʿalamīna ay kenoom

Ba mu deme Al-Ḥāji Faḍlu l-Lāhi

Daal di futtéeku di liggéey li l-Lāhi

Tabax na fanwéeri kenoom ak ñett

Moo wër qubbab Shaykh Bàmba jekk ni sàtt

[Page 19]

Malaaka ya nga toog ca kaw di sàbbaal

Ñów di ziyaare Shaykhu Bàmba di ko baal

Seen boolee téeméer la ci waa ji may xibaar

Bu tekk juróom ñett fukk ak juróom ñaar

Ku weddi lii nga dem ko laaj Joxaani

Moo ma ko wax te moom du kuy caaxaani

Ca ʿāma Jaʿsashin fa kër Joxaani

Laa yendu bis nu yendu koo waxtaane

Ren jii ma dellu yonni Mamar Siise

Mu wax ko lañ fi tabaxaat ci suu si

Ba ʿāma Zaʿsash ci ayag Al-ḥāji

Bam tambaléek tey di tabax jumaa ji

Ḥaḥaṣsahin la dalewoon liggéey ba

Musula noppalu ba tey ngir baay ba

Yàlla na àggaléeb liggéey bay ilimaan

Nu di ko maamoomu te bu ñu nu alamaan

Waa ju nu xaarul léegi Yal na xàddi

Yal na nu fi am téeméeri at mbaa xàddi

Mbaa qayadun ci haqqi saaril qurān

Ak darajay Khadīmi Khayri l-ʿAdnān

Ṣallā ʿalayhi l-lāhu bi l-sallami

Wa ālihī wa ṣaḥbihi l-aʿlāmi

Wa raḍiya l-Lāhu ʿani l-khadīmi

Maʿa l-talāmīdhati bi l-makhdūmi

Wa wahaba l-Lāhu bihim li Mūsā

Bindal Sëriñ Tuubaa te tàggook buusaa

Aamiina, aamiina ne leen aamiinaa

Ci darajay Al-Ḥāji ak Maamuunaa

Allāhuma ṣalli wa sallim wa bārik ʿalayhi. Allāhuma ṣalli ʿālā sayyidinā Muḥammadin wa ālihī wa ṣaḥbihi wa sallim. 1647 fi ʿadadi l-abyāti. Hādhā l-naṭm 1648. 1647 baytan.